Tit I
Angajman Paran ak Fanmi yo
Lekòl Piblik nan Depatman Polk la



# Lekòl Piblik TIT I nan Depatman Polk la 2017-2018

## Pake Kontra Lekòl Pou Aprantisaj

## Lekòl Primè Horizons

## Pake Kontra Lekòl-Elèv-Paran pou Aprantisaj

Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a ak nan Lekòl nan Depatman Polk la ap fè tout sa l kapab pou **BATI BON JAN RELASYON** nan lide pou kreye angajman fanmi reyèl pou **chak** timoun, **chak** fanmi, **chak** pwofesè, **chak** jou.

Pake kontra sa a ensiste sou kouman paran yo, tout ekip lekòl la ak elèv yo pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo.
Nan koneksyon aprantisaj la, lekòl la ak paran yo pral bati e devlope yon relasyon k'ap ede elèv nou yo atenn kondisyon wo nivo Eta Florid fikse pou ane lekòl la.

| Nou pral sipòte aprantisaj la nan dfason sa yo | Responsablite Ekip Lekòl la | Responsablite Paran yo | Responsablite Elèv yo |
|---|---|---|---|
| Nivo Akademik Elve | **VARYE ENSTRIKSYON** yo pou satisfè bezwen tout elèv yo.<br>Mete aktivite ki pou bay elèv yo ANGAJMAN & DEFI | Rasire w pitit ou vini lekòl **regilyèman e alè**. **KONNEN** ki sa pitit ou a dwe aprann lekòl la. | Be **PREPARED** and ready to learn at school every day.<br>Actively **ENGAGE** in learning! |
| Kontwòl pwogrè Elèv yo | Konsève & itilize done k'ap gide enstriksyon yo.<br>Pataje **REZILTA** pwogrè elèv yo ak paran yo | **KOMINIKE** ak pitit ou, pwofesè li ak administratè yo konsènan pwogrè li.<br>Tcheke sit **PÒTAY PARAN** yo pou w gade nòt pitit ou. | **MANDE** èd lè w bezwen. |
| Bon Jan Rapò Patisipasyon | **Fè FANMI YO** PATISIPE nan pataje avèk yo fason presi yo kapab sipòte siksè pitit yo. Bay paran yo **ENFÒMASYON** itil sou devwa ak travay pitit yo nan klas yo. | **ANGAJE w** aktivman nan edikasyon pitit ou. **Travay kòm VOLONTÈ** e/oswa vini nan aktivite lekòl la ap òganize yo. | Travay di pou w **AMELYORE** travay lekòl ou nan fè tout sa w kapab e nan fikse objektif ou yo. |
| Kominikasyon Rete Enfòme | Montre konpòtman **PWOFESYONÈL** ak atitid **POZITIF**. **PATAJE** ak paran yo siksè pitit yo ak jan y'ap grandi nan lekòl la. | **DEDYE** tan chak jou pou w pale ak pitit ou sou zafè lekòl li. Kenbe yon **LIY** kominikasyon **OUVÈ** ant lakay ou ak lekòl la.<br>**Li e siyen kanè leson** pitit ou chak jou. | Montre w **RESPONSAB** nan montre paran w kanè leson w, devwa w ak avi lekòl la voye lakay ou. Ou dwe **POZITIF**! |
| Espas Aprantisaj | **ANKOURAJE** e **ANGAJE** elèv yo pou yo fè meyè sa yo kapab fè.<br>Selebre divèsite kote **CHAK** elèv santi yo aksepte e yo gen opòtinite pou yo gen siksè. | **ANKOURAJE** e **ANGAJE** pitit ou pou l fè meyè sa l kapab fè.<br>**FÈ LEKTI** ansanm ak pitit ou e itilize **TENOLOJI** k'ap ogmante konesans edikatif pitit ou. | Montre **ANVI w** ak **ANGAJMAN** pou w fè meyè sa w kapab nan lekòl la!<br>Travay byen ak **LÒT** yo |

**Vizite sit entènèt WWW.POLK-FL.NET pou enfòmasyon enpòtan:**

**Sit PARENT PORTAL:** www.polk-fl.net /parents/parentportal.htm
**POU VOLONTÈ:** www.polk-fl.net/community/volunteers.
**SANT PARAN YO:** www.polk-fl.net/parents/involvement/pirc.htm
**INIVÈSITE PARAN AN:** www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm
**KONDISSYON LEKÒL FLORID YO:** https://flstandards.org
**EGZAMEN:** www. polk-fl.net/parents/testing.
**Aplikasyon pou manje nan ba pri/manje gratis:** www.polk-fl.net oswa rele nan **534-0588**

Tanprio vizite sit entènèt lekòl nou an pou plis enfòmasyon, tankou pwogram ak enstriksyon; dat egzamen; enfòmasyon sou jan pou w kontakte ekip lekòl la; materyèl sipò Tit I ak lòt dat enpòtan ankò.
**http://schools.polk-fl.net/HorizonsHawks/**

Si w pa gen aksè nan sit entènèt nou an, tanpri pase nan biwo lekòl la kote w'ap jwenn enfòmasyon ekri. 863-419-3430

**Paraf:**



Paran ____________________
Elèv ____________________
Pwofesè____________________

Yo te debat pake kontra sa a nan dat____________________.